

Pou Piblikasyon Imedya: 14/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA JISTIS POU SIVIVAN VYOLANS FAMILYAL

### *Yon Pati Kle nan Ajanda Jistis pou Fanm Gouvènè a an 2019*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te siyen Lwa Jistis pou Sivivan Vyolans Familyal (Domestic Violence Survivors Justice Act, DVSSJA) (S.1077/ A.3974), yon lwa ki kodifye diminyasyon pèn ki pi konsiderab pou sivivan vyolans familyal nan sistèm jistis kriminèl la epi yon inisyativ kle nan [Pwogram Jistis Pou Fanm an 2019](#) Gouvènè a. Lwa aktyèl la otorize jij pou administre pèn endetèmine pou sivivan vyolans familyal ki te komèt yon krim sèlman an relasyon ak agresè yo anba kèk sikonstans. Lwa Jistis pou Sivivan Vyolans Familyal pral konstwi sou lwa sa a lè li ajoute krim ki komèt akòz agresè a te fòse moun lan, menm jan ak krim ki komèt kont oubyen nan non yon agresè ki pa pataje yon kay oubyen fanmi ak sivivan an - sa ki evite viktimizasyon kontini endividi ki te andire vyolans familyal ak seksyèl nan men agresè yo.

"Gwo majorite fanm ki nan prizon te sibi vyolans fizik oubyen seksyèl pandan vi yo, epi twò souvan fanm sa yo fini nan prizon inisyelman paske y ap pwoteje tèt yo kont yon agresè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou siyen pyès vital sa a nan pwogram jistis pou fanm an 2019 nou an, nou ka ede asire sistèm jistis kriminèl la pran an konsiderasyon reyalye sa a epi ankouraje Nouyòkè ki vilnerab olye nou jis mete yo nan prizon."

"Manman m te dedye lavi l pou l ede viktim vyolans domestik yo, epi travay li te enspire m pandan peryòd travay mwen kòm fonksyonè sèvis piblik", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nouvo lwa sa a se yon refòm siyifikatif nan sistèm jistis kriminèl nou an epi li pral asire sivivan yo pa sibi pinisyon sevè paske yo tap defann tèt yo kont agresyon. Ak pasaj yon lòt eleman esansyèl nan Pwogram Jistis pou Fanm nou an, New York kontinye rete lidè nan chemen pou pwoteje moun ki pi vilnerab nou yo ak solidifye sosyete nou an."

"Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap avanse lwa anti-asèlman ak egalite pou fanm ki pi solid nan nasyon an ki ta dwe sèvi kòm modèl pou rès peyi a swiv", **Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York sou Fanm ak Ti Fi (New York State Council on Women and Girls), te deklare.** "Fanm jounen jodi a kanpe kont gouvènman federal la ki ap fè kanpay aktivman pou elimine dwa fanm te goumen telman rès pou yo te akeri, men nan Eta New York n ap aktivman pwoteje ak elaji dwa sa yo. Ak Lwa Jistis pou Sivivan Vyolans Familyal ki sòt siyen kòm lwa, nou sòt pran yon lòt pa nan direksyon yon New York ki jis ak ekitab."

**Senatè Roxanne J. Persaud te deklare,** "Twò souvan sivivan vyolans familyal pini nan sistèm jistis kriminèl nou an paske yo t ap defann tèt yo oubyen fanmi yo, sa ki kondwi a pèn prizon ki pa jistifye. Sivivan brav sa yo merite sipò ak chans pou yo rekonstwi lavi

yo, olye yo enjisteman fèmen yo nan prizon. Lwa Jistis pou Sivivan Vyolans Familyal yo pral finalman korije enjistis sa a, se sa ki fè mwen te solidman anfavè epi apiye pwojè lwa sa a. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li siyen li kòm lwa jodi a".

**Manm Asanble Jeffrion L. Aubry te deklare,** "Mwen fyè pou m se yon esponsò Lwa Jistis pou Sivivan Vyolans Familyal, lejislasyon ki elaji diskresyon jidisyè nan ka ki enplike sivivan vyolans familyal ki kondane pou krim ki lye dirèkteman ak agresyon yo te sibi. Gouvènè Cuomo te ede pote jistis bay sivivan vyolans familyal lè li siyen pwojè sa a pou l vin lwa jodi a. Twò souvan, lè yon sivivan aji pou l pwoteje tèt li, li resevwa pinisyon ak prizon olye konpasyon ak soutyen. Lwa Jistis pou Sivivan Vyolans Familyal pran etap vital pou chanje dinamik derezonab sa a epi remete diyite ak jistis pou sivivan vyolans familyal ki kriminalize nan eta nou an".

**Konseye Espesyal pou Politik ak Afè Kominote Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote nan Eta New York (New York State Homes and Community Renewal), epi ansyen Senatè ak esponsò pwojè lwa a Ruth Hassell-Thompson, te deklare,** "Raman nou jwenn chans pou n jwi lonbraj semans nou te plante yo. Mèsi Gouvènè Cuomo paske ou siyen kòm lwa Lwa Jistis pou Sivivan Vyolans Familyal. Sa reprezante plis pase yon deseni angajman yon pil moun ki te konsakre a refòm sosyal ak jistis kriminel".

**Connie Neal, ki se Direktris Egzekitif nan Kowalisyon Kont Vyolans Domestik nan Eta New York (New York State Coalition Against Domestic Violence), te deklare,** "Jodi a, pandan Lwa Jistis pou Sivivan Vyolans Familyal yo vini lwa nan New York, sa raple nou travay revolisyonè Sè Mary Nerney nan ane 1980 yo ki te inisyè sèvis sipò vital pou sivivan sa enkli moun yo te anprizone paske yo t ap pwoteje tèt yo kont agresè yo. Lejislasyon sa a konstwi sou travay li an ki kounye a dirije pa yon gwo kantite reprezantan sivivan. Nou remèsye Gouvènè Cuomo, Manm Asanble Aubrey, Senatè Persaud ak Lejislati a paske yo asire lejislasyon vital sa a vin lwa".

**Tamar Kraft-Stolar ak Jaya Vasandani, Ko-Direktè Pwojè Fanm ak Jistis, te deklare,** "Viktwa sa a se rezilta plizyè ane travay di bò kote anpil moun, espesyalman reprezantan sivivan ki aktyèlman oubyen ansyen prizonye kote lidèchip yo ak ekspètiz yo te gide kanpay DVSJA depi nan kòmansman an. Nou santi nou onore paske nou te travay sou kanpay sa a ansanm ak Kowalisyon Fanm Prizonye (Coalition of Women Prisoners), sivivan nan de bò mi yo, epi plizyè santèn endividi ak òganizasyon te ini an sipò pwojè lwa sa a atravè eta a. Nou remèsye Gouvènè a paske li pase lejislasyon vital sa a, epi nou aplodi esponsò Manm Asanble Jeffrion Aubry ak Senatè Roxanne Persaud, ak ansyen esponsò nan Sena a Ruth Hassell-Thompson, pou efò san fatig yo sou pwojè lwa sa a. Gen anpil travay ki rete toujou, men Lwa Jistis pou Sivivan Vyolans Familyal lan mennen nou nan yon etap vital pi pwòch a garanti jistis pou sivivan ki kriminalize epi fini ak anprizonman an mas pou tout moun".

Lwa sa a pral pèmèt jij redwi pèn prizon epi redirije pèn soti nan anprizonman pou ale nan pwogram ki baze nan kominote, ki pwouve pi efikas nan reyabilite sivivan. Lwa Jistis pou Sivivan Vyolans Familyal la ta pral pèmèt tou pou yon ti pòsyon nan popilasyon sivivan ki nan prizon aktyèlman aplike pou yon nouvou detèminasyon kondanasyon yo an epi lage yo pi bonè akoz yo te viktim avan.

To vyolans familyal ak anprizònman rete lye a wo nivo, paske plis pase 90 pousan fanm ki nan prizon te sibi vyolans fizik oubyen seksyèl pandan vi yo. Nan lide anpil fanm te fini nan prizon paske yo t ap defann tèt yo kont yon agresè oubyen yon agresè te fòse yo fè aktivite ilegal, Lwa Jistis pou Sivivan Vyolans Familyal yo pran yon lòt etap nan sans pou fini sik vyolans ak anprizònman, epi mete chaj la sou do agresè olye de viktim lan.

Atravè administrasyon li an, Gouvènè Cuomo te defann inisyativ egalite fanm ak jistis kriminel. Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè a [te anonse](#) lejislasyon ki te siyen ete pase a antre anvigè kounye a, pou agrandi asistans ki disponib pou viktim krim layèn motive yo ak kèk lòt krim ki souvan asosye ak vyolans domestik yo epi ki pa te sibi blesi fizik pandan krim lan. An 2018, Gouvènè a [te siyen](#) lejislasyon ki te retire alafwa revolvè ak fizi nan posesyon agresè familyal yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)